



Pou Piblikasyon Imedya: 09/01/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 14YÈM PWOPOZISYON NAN DISKOU ETA LETA
2017 LAN: REDUI A 30% NIVO MAKSIMÒM GAZ TOKSIK INISYATIV REJYONAL
LA TE FIKSE, ANT 2020 E 2030**

***Premye Inisyativ Bipatit Rejyonal Nasyon an Trase Chimen pou Redui Emisyon
Gaz Kabonik nan Sektè Elektrisite a***

***New York mande pou Eta RGGI pran Angajman pou Redui Nivo Maksimòm
Emisyon yo***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo anonse ke Eta New York pran angajman pou li redui emisyon gaz toksik yo a yon lòt 30 pousan parapò a 2020 disi 2030. Nan twazan ki sòt pase yo, emisyon yo te toujou pi ba pase nivo maksimòm yo; yo te a 5 pousan odesou nivo maksimòm nan an 2014 e yo estime y ap a 8 pousan odesou nivo maksimòm nan an 2016.

Pou ranfòse wòl Inisyativ Rejyonal pou Redui Gaz Toksik (Regional Greenhouse Gas Initiative, RGGI), k ap chèche redui emisyon gaz kabonik, Gouvènè Cuomo fè apèl a eta RGGI yo pou yo met ansanm ak New York nan jefò l ap fè pou konbat chajman klimatik e fè nasyon an adopte yon ekonomi ki baze sou enèji pwòp. Grasa pwopozisyon sa a, nèf Eta Nòdès ak eta Mitan Atlantik la pwal redui maksimòm nan, pou li pase de 78.2 milyon tòn an 2020 a 75.1 milyon tòn an 2021, pou li desann a 54.6 milyon tòn an 2030.

“New York fè gwo pwogrè nan zafè redui anprent kabòn, e li kontinye ap fè jefò pou ekonomi an tounen yon ekonomi ki pi pwòp, pi bon pou ekoloji a, pi djanm, epitou pi dirab pase sa li te janm ye anvan,” **Gouvènè Cuomo di.** “Inisyativ Rejyonal pou Redui Gaz Toksik la se yon gwo siksè nan zafè rediksyon emisyon atravè New York ak Nòdès la. Epitou li pote plizyè milye djòb e plizyè milywa dola pou nou investi nan devlopman pwojè ekolojik. Grasa pwopozisyon sa a, New York pwal redui nivo maksimòm emisyon yo pi plis toujou, epi li pwal montre kijan pou nou rekonèt e pran mezi kont chajman klimatik pou asire avni diferan kominote sou glòb la.”

Nan ane 2009, New York te fè yon sèl ak lòt eta Nòdès ak Mitan Atlantik la, pou yo te kreye RGGI, premye pwogram nasyon an ki te sèvi ak yon pwosesis inovatè ki baze

sou mache a, pou limit e redui yon fason ki rantab, emisyon gaz kabonik ki lakòz klima a chanje. RGGI se yon gwoup bipatit ki gen ladan New York, Connecticut, Delaware, Maine, Maryland, Massachusetts, New Hampshire, Rhode Island ak Vermont. Li ede Eta Nòdès ak eta Mitàn Atlantik la redui anpil kantite gaz kabonik ak lòt ajan polisyon nan sektè elektirisite yo. Ekonomi eta RGGI yo pi avanse pase sa rès peyi a, e pri kouran nan rejyon an desann, alòske pri yo monte nan lòt eta. Sa te gen ladan redui emisyon kabòn pa 16 pousan parapò a lòt eta e jwenn yon ogmantasyon ekonomik 3.6 pousan.

In New York, RGGI te pèmèt yon rediksyon 46 pousan nan kad emisyon kabòn nan izin ki te konsène, e yon rediksyon 90 pousan nan kad koura yo fè ak chabon. Adat, Eta New York rantre prèske \$1 milya grasa RGGI, sa ki ede finans pwogram enèji pwòp ak rediksyon emisyon.

Selon règleman aktyèl la, nivo maksimòm RGGI rete konstan apre 2020 e emisyon yo ret menm nan rejyon an. Lè li revize pwogram RGGI a e ajiste nivo maksimòm nan pou montre pwogrè ki fèt an detwazan sèlman, New York ak eta vwazen li yo ap kontinye redui emisyon chak ane, menm apre 2020, e y ap asire ke rediksyon emisyon sektè elektirisite a kontinye jiska 2030.

“Inisyativ Rejyonal pou Redui Gaz Toksik la se yon zouti san presedan ki baze sou mache e ki pran ka menas chajman klimatik nan tan k ap vini yo. Grasa lidèchip Gouvènè Cuomo, pwopozisyon sa a pou redui nivo maksimòm RGGI a pwal redui pi plis emisyon gaz toksik e ofri resous enpòtan pou devlope ekonomi enèji pwòp la,” **Komisyònè Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta New York (New York State Department of Environmental Conservation), Basil Seggos, di.** “Yon fwa ankò, Gouvènè Cuomo kontinye montre lidè nan lemond pouvw ekonomik ki genyen lè yo redui emisyon epi investi nan enèji renouvlab, e mwen ankouraje lòt eta RGGI yo met men ansanm avèk nou nan kad pwopozisyon sa a.”

Direktè Enèji ak Finans New York (Energy and Finance for New York), Richard Kauffman, di, “Grasa lidèchip Gouvènè Cuomo, RGGI se yon siksè nan New York epi nan lòt eta k ap patisipe. Lè nou rann RGGI pi djanm, sa ba nou plis zouti pou afwonte chanjman klimatik, redui emisyon gas toksik, epi rantre lajan pou finans pwòp inovatè pou enèji nan kad estrateji san parèy nan nasyon an ke Gouvènè a met sou pye, Estanda Enèji Pwòp e Refòmasyon Vizyon Enèji a, pou nou met sou pye yon sistèm enèji ki pi pwòp, pi rezilyan e ki pi abòdab pou moun New York.”

Direktè Komisyòn Sèvis Piblik la, Audrey Zibelman, di, “Kounyeya, pi plis toujou, lidèchip RGGI ansanm ak mezi Eta a pran grasa Estanda Enèji Pwòp Gouvènè Cuomo, epitou lòt inisyativ tankou Refòmasyon Vizyon Enèji Gouvènè a, se eleman esansyèl yon plan reyalis pou konbat chanjman klimatik.”

Direktè Otorite sou Rechèch ak Devlopman Enèji nan Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority), John Rhodes, di, “Angajman nou pran pou fè RGGI vin pi djanm ale nan menm sans avèk estrateji pou enèji ak

kabòn New York avèk rejyon an. Li ale nan menm sans avèk Estanda Enèji Pwòp (Clean Energy Standard) Gouvènè Cuomo, yon estrateji san parèy nan nasyon an e ki mande pou, dis 2030, 50 pousan elektrisite nou kreye se enèji renouvlab, epitou nan menm sans avèk REV li a ki etabli yon sistèm enèji ki pi pwòp, pi abòdab, e pi rezilyan pou tout moun New York.”

New York Fiksè Estanda Enèji Pwòp la

Eta New York ap ankouraje aktivman inovasyon nan zafè enèji pwòp grasa inisyativ tankou [inisyativ Refòmasyon Vizyon Enèji a \(Reforming the Energy Vision initiative\)](#), ki te lanse an 2015. Anplis de sa, pwogram tankou Fon pou Enèji Pwòp la (Clean Energy Fund), Inisyativ NY-Sun \$1 milywa, \$1 milywa NY Green Bank la, pri \$40 milyon pou konkou (NY-Prize competition) pou mikwogrid kominotè, ak plizyè lòt, asire ke pwogrè kontinye ap fèt pou redui emisyon e, an fèt, ke pwogrè sa yo fèt deplizanpli.

Pwopozisyon Gouvènè a pou li redui nivo maksimòm RGGI a yon lòt 30 pousan ant 2020 e 2030, fèt nan menm kad panse avèk pwogram enèji pwòp san parèy Gouvènè Cuomo yo, tankou paregzanp [Estanda Enèji Pwòp la \(Clean Energy Standard\)](#), Gouvènè a te mete sou pye nan mwa dawout 2016 pou mande 50 pousan elektrisite New York gen sous enèji renouvlab dis 2030. Yon eleman adisyonèl plan sa a gen ladan montre avantaj ki genyen lè pa gen emisyon gaz kabonik ditou.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418